SEKIRITE KONT ENSANDI POU VYE GRANMOUN

Kò Ponpye, Vil New York
Biwo pou antrènman, Edikasyon sekirite kont ensandi
www.nyc/fdny.gov

Kò ponpye,
Vil New York
9 MetroTech Center
Brooklyn, New York 11201

Bill de Blasio, Majistra
Daniel A. Nigro, Komisyonè Ponpye

FDNY FOUNDATION

www.fdnyfoundation.org

Se Randt Barron ak Iwona Gardner ki Fè foto yo, desen se Samanta C.S. Jones, Chameleom Ilustration.com ki fè Desen Grafik yo

TAB DÈMATYÈ

Ti liv sa a prepare pou yo enfòme vye granmoun nan afè sekirite kont ensandi. Se tout bon vre ke vye granmoun ki gen 65 an oswa plis, mouri pi souvan nan dife ki pran nan kay pase rès popilasyon an. Sepandan, ou kapab fè dife pran pansyon l. lè w pran swen tèt ou epi enfliyanse lòt moun, tankou vwazen w, zanmi w ak fanmi w, nan afè dife.

Moun kapab e yo reyisi sove vi yo ansanm ak lavi lòt moun lè yo pran de twa ti prekosyon.

Evite dife moun ki fimen lakòz	**Paj 2**
Evite Dife aparèy elektrik lakòz	**Paj 3**
Evite dife aparèy ki chofe kay lakòz	**Paj 5**
Evite dife ak aksidan nan kizin	**Paj 7**
Kòman pou pran swen yon boule	**Paj 9**
Dife ki pran nan rad	**Paj 10**
Planifikasyon pou w sa chape lè gen dife	**Paj 11**
Konn kisa pou w fè	**Paj 13**
Kòman pou antretni Alam ki detekte lafimen	**Paj 15**
Lis pou tyeke sekirite pou dife nan kay	**Paj 16**

Pi gwo kòz lanmò nan dife nan kay pou granmoun 65 an oswa ki gen plis laj



Pi gwo kòz granmoun 65 an oswa plis blese nan dife kay



Statistik yo pran nan men "Karakeristik viktim dife nan kay" NFPA Jiyè 2008

ANPECHE MOUN KI FIMEN METE DIFE

FIMÈ FÈ ATANSYON

Moun ki fimen gen sèt fwa plis chans viktim nan dife ke moun ki pa fimen. Bagay yo sèvi pou fimen se lakòz LIMEWO 1 ki mete dife nan kay ki tiye vye granmoun.

Si oumenm oswa lòt moun lakay ou fimen, anpeche dife anvan li kòmanse:

- Sèvi ak sandriye ki laj, ki fon, ki pap chavire. Pa janm kite yon sigarèt limen nan yon sandriye ni pa kite yon sandriye sou manch chèz oswa divan.

- Anvan ou al kouche oswa avan ou sòti, tcheke nan mitan, sou tèt epi anba kousin ak bouraj divan yo pou wè si pa gen pòy sigarèt ki kabap ap mijote.

- Ètenn pòy sigarèt yo nèt ak dlo anvan ou jete yo.

- Fè sa tounen yon **RÈGLEMAN** pa janm fimen nan kabann oswa lè ou kouche, espesyalman lè tèt ou ap vire ni lè wap pran medikamen ki fè w anvi dòmi.

- **Pa JANM kite moun fimen bò depo ni bò kote genyen yon tank oksijèn.**

EVITE DIFE ELEKTRIK

• Sèvi ak anpoul ki gen wat ki bon pou dimansyon lamp la, on anpoul ki gen twòp wat gen dwa vinn chofe depase la mezi epi mete dife.

• Bay televizyon, aparèy radyo ak òdinatè kont espas pou anpeche ke yo chofe depase la mezi.

CAUTION: TO REDUCE THE RISK OF FIRE USE 60WATT TYPE A OR SMALLER LAMP
120V 60Hz AC ONLY
MADE IN CHINA
UNPLUG TO REPLACE BULB

PREKOSYON: POU DIMINYE CHANS POU DIFE TA PRAN SÈVI AK 60WATT TIP A OSWA ON LANP KI PI PITI DEPLOGE POU CHANJE ANPOUL LA
120V 60HZ AC FÈT LACHIN SÈLMAN



• Sèvi ak fil ralonj pwoviswaman sèlman.

• Pwoteje tout fil elektrik pou yo pa domaje. Pa fè fil kouri anba tapi, ni pa pandye yo sou klou.

• Pa janm sèvi ak aparèy ki gen fil ki domaje, ni fil kap defilange.

• Pou anpeche twòp chaj, pa janm ploge plis ke de aparèy nan menm priz an menm tan ni "fè tibourik" ak aparèy siplemantè nan yon fil ralonj oswa priz ki nan mi.





• Asire w ke priz ak plato switch nan bon eta. Si yon priz oswa yon plato cho lè ou manyen li, san pèdi tan deploge fil la, epi fè yon elektrisyen ki kalifye vin tcheke kòman fil yo pase.

• Si yon aparèy vin bay yon lòt odè, ap bay son ki pa nòmal, oswa fil la kyèd lè w manyen l, rale plòg la epi sispann sèvi avè l.

Si aparèy la kontinye boule oswa ap bay lafimen rele Kò Ponpye (911).

• Ranplase tout aparèy elektrik ki pa sennesòf, tankou aparèy pou fè kafe, ak fou ki pou griye.

• Lè wap achte yon aparèy elektrik, tankou fou pou griye oswa aparèy pou fè kafe, asire w ke aparèy yo gen yon garanti Laboratwa (UL), ki montre w ke yo tyeke pwodui sila pou sekirite.

AVÈTISMAMN

Se tout bon vre ke fil kouran ak aprèy elektrik se lakòz chòk elektrik oswa dife elektrik.

EVITE POU DIFE PRAN AKÒZ CHOFAJ

SEKIRITE POUAPARÈY CHOFAJ ESPAS



- Lè wap achte yon aparèy elektrik pou chofe yon espas, chèche chofaj ki gen karakteristik pou li etenn otomatikmam.
- Sèvi sèlman ak ekipmnan ki gen garanti Laboratwa Mak (UL), ki montre ke yo fè tès pou sekirite pwodui a.
- Bay aparèy chofaj ki plase deyò kont espas. Mete chofaj la omwen twa pye pi lwen pase tout matryèl ki ka boule, tankou bagay ki kouvri kabann oswa mèb.
- Kenbe jèn timoun ak animal domestik lwen chofaj espas la.
- Malgre ke nòmalman fil chofaj la vinn kyèd lè lap sèvi, sispann sèvi ak chofaj la si fil la vinn cho.
- PA JANM sèvi ak fil ralonj pou ploge chofaj ki plase nan lib.

Ampil moun sèvi ak chofaj ki plase nan lib pandan mwa ki fè frèt yo. Men chofaj ki plase deyò yo reskonsab pou de sou twa dife ke chofaj kay se lakòz.

- Mete chovaj la atè; pa janm mete li sou on kontwa oswa yon mèb.
- Etenn/deploge chofaj ki plase deyò la chak fwa wap sòti nan pyès la oswa lè ou al dòmi.

⚠ *AVÈTISMAN*

Li strikteman entèdi pou ou sèvi ak chofaj ki plase nan lib ki mache ak kerozèn oswa pwopann epi tou li ilegal nan Vil New York. Moun kouri gwo chans pou yo mouri oswa blese lè yo sèvi ak chofaj ki plase nan lib sa yo.

KOUVÈTI ELEKTRIK

• Sèvi sèlman ak kouvèti elektrik ki gen mak (UL) Reprezantan laboratwa, ki montre ke yo teste pwodui a pou sekirite.

• Sispann sèvi ak kouvèti elektrik ki gen fil kouran ki kase oswa efiloche.



• Evite foure pwent kouvèti elektrik a rebò kabann la. Sa ka fè chalè akimile depase la mezi.

• Evite mete lòt lenn oswa edredon sou tèt kouvèti elektrik la, lè wap sèvi avè l.

• Pa janm sèvi ak kouvèti elektrik ki mouye, sal oswa chifonnen.

• Li pi bon si w chofe kabann la ak kouvèti elektrik la epi etenn li anvan w al kouche.

• Pa lave kouvèti elektrik ou an souvan, paske twòp lavaj ap domaje sikui elektrik la.

Si kouvèti elektrik la gen plis ke 10 an,
Pi bon konsèy yo ka ba w se achte on nèf!

Kouvèti elektrik ki ansyen ak domaje lakòz milye dife chak ane ke konsekans yo se lanmò ak moun blese.

EVITE AKSIDAN AK DIFE PRAN NAN KUIZIN

Sonje pou "kanpe bò pwelon w la" epi pa janm kite manje ki ap kwit san siveyans. Chofe lwil pou fè manje a gradyèlman epi pran prekosyon siplemantè lè wap fri nan gwo lwil. Vire manch la pa andedan, pou li pa bay sou devan fou a.

Aksidan lè manje ap fèt se pi gwo lakòz dife pran ak kote moun blese lakay yo.

Toujou mete rad ki gen manch kout ki pa lach. Manch long, ki laj gen plis chans pou yo pran dife, epi tou po ki pa kouvri ka boule. Vire manch pwelon yo pa andedan pou yo bay dèyè fou an fas, pou w sa evite frape yo pa aksidan sa ki ka lakòz ou chode. Sèvi ak gan pou chalè pou pwoteje men w ak bra w pou yo pa boule.

Fè manje sou dife ki gen yon tanperati mwayen. Pou w sa evite chode, kite manje ou chofe nan mikroond ak likid refwadi pandan yon minit anvan ou manyen yo.

Manch lach pran dife fasil



Toujou mete manch ki tache oswa manch kout lè wap fè manje

POU EVITE DLO CHODE:

Pou evite ke dlo cho chode w, mete tèmostat dlo a nivo 110 F degre. Pou plis sekirite, enstale yon aparey pou anpeche moun chode nan tout tiyo yo.

RESÈT POU SEKIRITE NAN KIZIN

Swiv resèt sekirite sa yo epi wap ka evite dife lè wap fè manje ansanm ak blesi epi brile.

Engredyan:

2 zye byen kale

1 oswa 2 bagay pou kenbe recho/ manch espesyal pou fou

2 manch kout oswa ki byen k sere

1 zòn ki byen pwòp bò kote fou a, ki pa gen anyen ki ka boule



1 kouvèti pwelon



1 gwo bwat bikabonat

Si dife ta janm pran:

- Etenn fou a.
- Sèvi ak bikabonat la pou etenn dife a.
- Glise yon kouvèti sou tèt chodyè a.

PA SÈVI AK DLO!

Dlo ap fè li patoje epi lap pwopaje dife a.

Pa eseye leve pwelon an oswa chodyè a, pou w retire l sou fou an.

KÒMAN POU W PRAN SWEN YON BOULE

Ou ka boule lè ou antre an kontak dirèk ak on flanm dife, likid/grès cho oswa sifas ki cho. Anpil brile kap pi fon ke li sanble epi li ka bezwen atansyon medikal.

Si w boule:

Kòm tretman koule dlo fre sou li.

Pa janm mete pomade, grès pou anpeche boule oswa bè nan sifas ki boule a.

Adilt ki pi granmoun yo gen pi gwo reaksyon lè yo boule.



Kouvri kote ki boule a ak yon pad ki esteril oswa yon dra pwòp.

San pèdi tan al dèyè swen medikal pou anpeche brili a anfle ak pran enfeksyon.

POU BRILI CHIMIK OWSA ELEKTRIK:

Pou brili chimik, ke pwodui tankou bagay pou netwaye fou oswa twalèt:
Koule dlo fre sou li pandan 20 a 30 minit. Si li pran nan zye koule dlo sou li pandan omwen 20 minit.

Pou brili elektrik, etenn bagay ki ap bay elektrisite a anvan ou manyen viktim la.
Tyeke viktim la pou poul ak respirasyon, kòmanse fè CPR si gen bezwen.
Yo ankouraje moun ki okipe moun pou yo aprann CPR.

DIFE NAN RAD

SI NENPÒT KI PÒSYON NAN RAD OU PRAN DIFE:

- Kouvri figi w ak men w.

- Lage kò w atè.

- Roule atè a plizyè fwa.

Si ou gen limit fisik ki anpeche w fè bagay sa yo, eseye toufe dife a ak yon kouvèti lenn oswa yon tapi.

SONJE

Pa eseye goumen ak dife an poukò w.
PA KOURI oswa eseye etenn dife a ak men w.

PLANIFIKASYON POU CHAPE LÈ GEN DIFE

PA PÈ-PARE KÒ W

- Asire w ke telfòn la sou la men bò kote kabann ou (oswa yon aparèy TTY/TDD si w gen youn).

- Kenbe linèt ou, kle w ak aparèy ki ede w tande (si li nesesè) sou la men bò kabann ou.

- Asire w ke lanp oswa swich limyè sou la men.



- Fè pratik debloke ak louvri fenèt yo, baryè sekirite ak pòt yo.



- Kenbe eskalye ak pòt sòti san yo pa bare ak fatra ni depo. Pa sere anyen nan kote sòti pou dife yo ye nan imèb la.

Eske wap siviv si dife pran lakay ou?

Plis ke 50% lanmò nan dife kay fèt ant 10 p.m. ak 6 a.m., lè pi fò moun ap dòmi.

Pare kò w fè yon plan sovtaj. Se youn nan etap ki pi enpòtan ke ou ka pran pou sove vi pa w!

PLAN SOVTAJ

Si ou abite nan on bilding ki gen apatman, konnen kote eskalye sòti yo ye.

Konn de jan ou ka sòti lalay ou, apatman oswa bilding



Si ou abite nan yon kay ki gen plizyè etaj, konsidere pou w dòmi nan etaj anba a toupre on sòti.

KOTE POU TOUT MOUN KONTRE

Si fenèt ki bay sou eskalye pou w chape lè gen dife a gen ba sekirite oswa baryè, asire w ke FDNY apwouve fenèt la *(fenèt ke FDNY apwouve gen yon so sou yo ki gen yon nimewo apwobasyon.)*

APPROVED

"EASY OUT" FIRE ESCAPE GATE

Patent Pending _____

Approved by the Fire Department of the City of New York
Certificate of Approval No. 1234
Manufactured by: ABC Gate Company
Serial #: _____ Brooklyn, NY 11210
Model #: 5678 Tel: (718) 555-5555

Manufacturer will rectify any manufacuring defects in the gate upon notification

KONN SA POU W FÈ

Si dife pran lakay ou oswa nan aptman w:

- Pa esaye konbat dife a poukò w.
- Pa rete pou ranmase afè pèsonèl ou.

- Sòti jan ou te pare plan sovtaj dife w la, sèvi ak sòti ki pi an sekirite a oswa sa ki pi pre an.

- Si gen lafimen, rete osi ba pre atè a ke w kapab epi kouvri bouch ou.

- Fèmen pòt yo lè wap sòti.

- Sèvi ak eskalye pou sòti nan imèb la. **PA SÈVI AK ELEVATÈ A.**

Si ou pyeje, kote ou ye a fèmen tout pòt ki nan mitan ou menm ak dife an, rele 911. Di dispatchè an ki bò ou ye.

Si ou abite nan yon imèb ki gen aptman pou moun abite:

KI PA PWOTEJE KONT ENSANDI:

Si gen yon dife nan imèb ou an, men pa nan aptman w la epi ou abite nan yon imèb ki pa pwoteje kont ensandi, li ta pi bon si ou sòti de imèb la touswit.

- Aplike plan sovtaj dife w la, sèvi ak sòti ki pi pre a oswa sa ki bay plis sekirite a.

- Ak do men w tyeke tanperati pòt aptman ou an . Si li cho, pa louvri pòt la. Bat la retrèt ale nan fenèt sovtaj ou an.

- Si pòt la fre, men gen lafimen nan koulwa an, evalye sitiyasyon an ansanm ak sa ou ka fè pou sòti nan imèb la an tout sekirite. Rete osi ba atè a ke w kapab epi kouvri bouch ou. Fèmen pòt la lè w sòti.

- Sèvi ak eskalye pou sòti nan imèb la. PAS SÈVI AK ELEVATÈ.

Si ou deside gen twòp lafimen nan koulwa an, fèmen pòt apatman w la epi sòti nan fenèt pou chape dife an.

IMÈB KI GEN PWOTEKSYON KONT DIFE:

Si gen yon dife nan imèb ou an, men pa nan apatman w la epi ou abite nan yon imèb ki gen pwoteksyon kont dife, wap plis an sekirite si ou rete andedan epi kite pòt yo fèmen. Rele 911 epi bay moun ki reponn telefòn la nimewo apatman ou an.

Antre an kontak ak mèt imèb ou an, konsènan plan sekirite kont ensandi ak ki kalite batimen li ye. Planifikasyon se kle pou pwoteje tèt ou ak fanmi w.

ALAM KI DETEKTE LAFIMEN

Swiv konsèy sekirite sa yo, pou asire ke wap gen avètisman bonè o ka ke ta gen dife:

•Enstale alam ki pou detekte lafimen deyò ak andedan chak chanm oswa kote moun dòmi epi nan tout nivo kay ou.

Yon alam ki detekte lafimen se sèl bagay ki gen plis valè pou sove vi, ou ka gen lakay ou.

• Alam ki fè bri tankou ti zwazo, se yon avètisman ke pil yo ba. Ranplase pil yo de fwa pa an, nan prentan ak otòn, lè yo chanje lè revèy yo.

• Achete alam ki gen pil litiòm 10-an, pou w pa bezwen chanje pil yo chak si mwa. Pil litiòm pi chè pase pil nòmal 9-vòlt ; men yo fè yo pou yo ka kenbe osi lontan ke vi alam la. Men se pou w tcheke pil ki nan alam la on fwa pa mwa.

• Si w gen pwoblèm pou w tande, enstale on alam ki detekte lafimen ki gen limyè strob (limen tenyen) . Karakteristik alam nan espesyal, limyè ak gwo dansite (klere) ki ka reveye yon moun ki ap dòmi.

• Enstale alam ki detekte lafimen ki gen yon bouton ki pou fè l pe oswa yon bouton silans, pou alam nwisib ki deklanche poutèt vapè lè manje ap kwit oswa vapè dlo. Olye ou retire pil yo, karakteristik sa a pèmèt ou fè aparèy sa fè silans pou 10 a 15 minit pandan wap evakye lè a. Gen kèk alam pou detekte lafimen ke ou ka pe tanporèman oswa teste ak rimòt televizyon an.

•Enstale alamm pou detekte lafimem ki fotoelektrik, se sou yo ou ka konte pi plis lè gen dife ki ap mijote, sa rive souvan nan chanm yo oswa salon yo.

LIS POU TYEKE SEKIRITE KONT ENSANDI

Sèvi ak lis sa kòm gid pou w sa idantifye pwoblèm sekirite ki ka gen lakay ou. Si ou make NON pou nenpòt kestyon sa yo, se pou w korije danje ki kap presante, pou w sa diminye risk yo epi fè w pi pare anka dife ta pran.

WI NON

- ☐ ☐ Èske ou genyen omwen yon alam ki detekte lafimen ki ap mache?
- ☐ ☐ Èske ou genyen omwen yon alam ki detekte monoxid kabòn ki ap mache?
- ☐ ☐ Èske tout fil elektrik yo nan bon eta (yo pa efiloche oswa krake)?
- ☐ ☐ Èske tout fil elektrik yo pa deyò, yo pa anba tapi ni pase anba pòt?
- ☐ ☐ Èske yo mete chofaj ki plase nan lib yo omwen twa pye pi lwen pase nenpòt ki bagay ki konbistib?
- ☐ ☐ Èske tout chofaj chofaj ki plase déyò yo ploge dirèkteman nan priz ki nan mi an, pa nan fil ralonj?
- ☐ ☐ Èske pòt aptman w lan paka pran dife epi li ka fèmen poukò l?
- ☐ ☐ Èske fenèt pou chape lè gen dife a lib epi pa gen anyen ki bare li?
- ☐ ☐ Si w gen on baryè sekirite, èske FDNY apwouve?
- ☐ ☐ Èske tout fenèt yo kap louvri san pwoblèm pa andedan?
- ☐ ☐ Èske tout eskalye lib, yo pa gen fatra oswa yo pa sèvi pou depot?
- ☐ ☐ Èske pòt ki bay sou eskalye pou w chape lè gen dife enflamab, epi yo toujou kenbe yo fèmen?
- ☐ ☐ Èske limyè sòti nan eskalye yo ap mache byen?
- ☐ ☐ Èske ou gen flach ki ap mache sou la men?
- ☐ ☐ Èske ou gen on plan pou chape si gen dife?

Korije pwoblèm oswa danje ki sou kontwòl oswa responsabilite w touswit. Avèti mèt imèb la konsènan tout lòt pwoblèm. Si li nesesè ou gen dwa pote plent rele Kò ponpye New York nan 718-999-2541 oswa 311.

Kò ponpye,
Vil New York
9 MetroTech Center
Brooklyn, New York
11201

Bill de Blasio,
Majistra

Daniel A. Nigro
Komisyonè Ponpye

Pou plis enfòmasyon pou sekerite kont ensandi rele
Inite Edikasyon Sekirite kont ensansi nan 718-281-3870

Creole